



**ÒDONANS DIJANS NIMEWO 26  
KONTE PALM BEACH COVID-19  
EKSTANSYON DIREKTIV SOU ZAFÈ METE PWOTEKSYON FIGI**

**KONSIDERAN**, COVID-19 la, yon maladi respiratwa yon viris lakòz ki gaye rapidman sòti nan yon moun ale nan yon lòt epi ki ka lakòz maladi grav oswa lanmò, reprezante yon menas klè ak aktyèl pou lavi, sante, byennèt ak sekirite moun nan Konte Palm Beach yo; epi

**KONSIDERAN**, nan dat 9 mas 2020, Gouvènè Ron DeSantis, te pibliye yon Dekrè Egzekitif 20-52 ki deklare yon eta dijans pou Eta Florid akòz COVID-19 la; epi

**KONSIDERAN**, nan dat 13 mas 2020, dapre Seksyon 252.38(3)(a)(5), Lwa Florid yo, Konte Palm Beach te deklare yon Eta Dijans lokal akòz pandemi kowonaviris la ki te pwolonje depi lè a nan respè ak lwa ki aplikab yo; epi

**KONSIDERAN**, nan dat 24 mas 2020 Gouvènè Ron DeSantis, te pibliye tou Dekrè Egzekitif 20-83 ki mande Chirijyen Jeneral Eta a ak Ofisyè Sante Eta a pou pibliye yon avi sante piblik pou moun ki aje yo ak moun ki gen kondisyon medikal grav kache ki mete yo nan pi gwo risk pou gen maladi grav nan COVID-19 la pou rete lakay yo. Kondisyon sa yo gen ladan, men pa limite ak, maladi kwonik nan poumon oswa opresyon modere rive nan grav; kondisyon kadyak grav; sityasyon iminodeprime, ki gen ladan sila yo ki nan tretman kansè; ak obezite grav; epi

**KONSIDERAN**, Gouvènè Ron DeSantis te pibliye yon seri Dekrè Egzekitif an repons ak pandemi COVID-19 la, ki gen ladan Dekrè Egzekitif 20-112, yon Faz 1: Plan Entèlijan, San Danje, Etap pa Etap pou Retablisman Florid la, kote Gouvènè a te re-ouvri kèk biznis, epi Dekrè Egzekitif 20-120 ki, pami lòt bagay, te sèvi pou ajoute Konte Palm Beach nan kad Faz 1 an, ak Dekrè Egzekitif 20-123 kote Gouvènè a te pwolonje ak mennen tout konte Florid yo nan Faz 1 Konplè a; epi

**KONSIDERAN**, Konte Palm Beach t ap fonksyone nan kad Faz 1 an depi 11 me 2020 rive 4 septanm 2020, an akò ak Dekrè Egzekitif 20-120, 20-123 ak Dekrè 20-139. Restriksyon yo nan Faz 1 an te pèmèt gen plas pa anndan nan restoran yo nan 50% kapasite avèk repatisyon apwopriye anplas ant pati yo. Plas pa deyò yo ak sèvis pou anpòte yo te otorize; sepandan, kontwa ba yo rete fèmèn pou moun chita, epi manje nan ba ki anndan restoran yo pa otorize. Ba ak klèb de nwi yo ak kèk lòt kalite biznis rete fèmèn nan Konte Palm Beach; epi

**KONSIDERAN**, anpil estrateji pou kontwole viris la, ki gen ladan men pa limite ak, restriksyon sou operasyon biznis ak evènman yo, pwoteksyon figi ak distans sosyal, egzijans netwayaj ak ijyèn, tès ak edikasyon piblik te anplwaye pou ralanti pwopagasyon viris la; epi

**KONSIDERAN**, tout biznis nan Konte Palm Beach ki nan Faz 1 te jwenn pèmasyon pou ouvri sou kondisyon plizyè dekrè egzekitif ak dijans ki egzije pwotokòl netwayaj ak ijyèn, pwoteksyon figi, distans sosyal ak lè fonksyonman restren pou biznis k ap sèvi manje ak alkòl pou konsomasyon sou plas ak kèk lòt biznis; epi

**KONSIDERAN**, Administratè Konte a te pibliye Òdonans Dijans 2020-012 nan dat 24 jen 2020 ki mande yon peryòd trant (30), mete pwoteksyon figi nan tout biznis, etablisman ak nan espas piblik. Òdonans la egzije pou etablisman ak restoran yo mete afich ki gen enfòmasyon sou sante konsènan egzijans pou pwòpte, distans sosyal ak pwoteksyon figi; epi

**KONSIDERAN**, Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (CDC) te afime ke pwoteksyon figi an twal yo se yo zouti enpòtan nan konbat COVID-19, site plis prèv ke pwoteksyon figi an twal ede anpeche moun ki gen COVID-19 pwopaje viris la bay lòt; epi

**KONSIDERAN**, CDC rekòmande itilizasyon pwoteksyon figi epi nan dat 14 jiyè 2020, konte sou tout Ameriken pou mete mask pou anpeche pwopagasyon COVID-19; epi

**KONSIDERAN**, nan dat 23 jiyè 2020, nan Òdonans Dijans 2020-016 la, Administratè Konte a te pwolonje Òdonans Dijans 2020-012 la pou trant (30) jou anplis; epi

**KONSIDERAN**, nan dat 21 out 2020, nan Òdonans Dijans 2020-020 an, Administratè Konte a te pwolonje ankò Òdonans Dijans 2020-012 la pou trant (30) jou anplis; epi

**KONSIDERAN**, entèvensyon ki mansyone anwo yo, epi konsideran done ak endikatè ki pi resan ki gen rapò ak COVID-19 nan dat 1ye septanm 2020, Konsèy Manm Komisyon Konte a detèmine li te apwopriye pou soumèt yon demann bay Gouvènè Ron DeSantis pou fè Konte Palm Beach pase nan Faz 2 an akò *Plan Re-ouvèti Pwogresif Faz 2* ke Administratè a rekòmande; epi

**KONSIDERAN**, nan dat 3 septanm 2020, Gouvènè Ron DeSantis te otorize Konte Palm Beach pou pase nan Faz 2 *Plan San Danje, Etap pa Etap, pou Retablisman Florid la*; epi

**KONSIDERAN**, Administratè Konte a te detèmine ke li te nesèsè ak apwopriye pou pibliye yon òdonans dijans ki otorize re-ouvèti lòt biznis an akò ak direksyon Gouvènè DeSantis ak Etap 1 *Plan Re-ouvèti Pwogresif Faz 2* a ak Òdonans Dijans 2020-024 la te pibliye pou rezon sa nan dat 4 septanm 2020; epi

**KONSIDERAN**, Nimewo Òdonans Dijans 2020-012, **Direktiv Anplis sou Zafè Mete Pwoteksyon Figi**, ap ekspire nan dat 22 septanm 2020 nan 12:01 a.m. amwenske gen yon lòt òdonans oswa aksyon Konsèy Manm Komisyon Konte a ki pwolonje li; epi

**KONSIDERAN**, lè nou konsidere done ki pi resan yo sou pwopagasyon COVID-19 la nan Konte Palm Beach, Sidès Florid ak tout Eta Florid, rekòmandasyon CDC sou mete pwoteksyon figi, ak re-ouvèti san danje lòt biznis ak lekòl piblik yo, Administratè Konte a te detèmine li nesèsè ak apwopriye pou pwolonje Òdonans Dijans Nimewo 2020-012 la pou trant (30) jou anplis.

**KOUNYE A, PA KONSEKAN, NOU ÒDONE ISIT LA** dapre Chapit 9, Atik II, Seksyon 9-35 Kòd Konte Palm Beach lan, ansanm ak otorite yo ban mwen nan Deklarasyon Dijans Gouvènè DeSantis te pibliye nan Dekrè Egzekitif 20-52 pa Chapit 252 Lwa Florid yo, Konsèy Manm Komisyon Komite a ak Plan Jesyon Dijans Global Konte Palm Beach lan, ak jan lalwa mande sa, mwen òdone konsa:

1. **Konsideran yo.** Konsideran ki anvan yo enkòpore isit la kòm referans.
2. **Ekstansyon.** Dekrè Egzekitif 2020-012 la te pwolonje jiska 12:01 a.m. nan dat 22 oktòb 2020.
3. **Konfli.** Nenpòt dispozisyon nan Òdonans sa a ki gen konfli avèk nenpòt dispozisyon lwa eta oswa federal oswa dispozisyon konstitisyonèl oswa konfli avèk oswa ki gen yon Dekrè Egzekitif Gouvènè oswa Prezidan Etazini ki aktyèl oswa ki pibliye apre ki ranplase yo, ap konsidere kòm pa aplikab epi konsidere kòm separe de Òdonans sa a avèk rès Òdonans lan ki rete entak ak anvigè. Nan mezi aplikasyon kèk oswa tout dispozisyon Òdonans sa a entèdi sou teritwa souvren yon tribi souvren oswa Endyen ke gouvènman federal la oswa eta a rekonèt, aplikasyon sa a ap eskli klèman nan Òdonans sa a. Dispozisyon Òdonans sa a dwe ranplase dispozisyon espesifik nenpòt Òdonans Dijans Konte a te pibliye ki kontrè oswa ki gen konfli avèk Òdonans sa a.
4. **Dat li Anvigè.** Òdonans sa a dwe antre anvigè nan 12:01 a.m. nan dat 22 septanm 2020.

**KONTE PALM BEACH**

Pa: [Siyati]  
Administratè Konte

21 sept. 2020  
Dat

**ATESTE  
GREFYE AK KONTWOLÈ**

Pa: \_\_\_\_\_

**APWOUVE SELON  
SIFIZANS JURIDIK**

Pa: [Siyati]  
Pwokirè Konte